

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang**

Kahirupan manusa moal bisa leupas tina aktivitas ngagunakeun basa dina kagiatan sapopoé. Manusa ngagunakeun basa salaku sarana komunikasi antar sasamana. Tangtu basa nu digunakeun ku manusa ngan bisa dipikaharti ku manusa deui. Sabab, basa téh milik manusa, nu jadi ciri pangbéda nu utama antara manusa jeung mahluk séjénna. Nalika manusa ngalakukeun komunikasi, tangtu aya pihak nu jadi panyatur ogé pihak nu jadi pangregep. Komunikasi basa kaasup kana aktivitas sosial, sabab aya interaksi atawa timbal balik antara panyatur jeung pangregep.

Dialog atawa paguneman jadi salah sahiji conto komunikasi basa. Dina hirup kumbuh sapopoé, manusa tangtu sering ngagunakeun dialog atawa paguneman. Upamana, nalika indung jeung anak ngabahas ngeunaan sakola anakna, nu dagang nawaran barang ka nu meuli, nu meuli nawar harga barang ka nu dagang, nanya kaayaan atawa kabar antar tatangga nalika panggih, jsb kaasup kana dialog atawa paguneman. Dina pagunema aya prosés parobahan ti panyatur nu jadi pangregep, ogé parobahan pangregep nu jadi panyatur, éta hal mangrupa peristiwa anu wajar kapanggih.

Tina ébréhan di luhur bisa dihartikeun yén paguneman atawa dialog mangrupa kagiatan nyarita silih tempas nu dilakukeun ku dua urang atawa leuwih, unggal palaku paguneman miboga hak pikeun nanya jeung ngajawab. Tujuan lumangsungna paguneman nyaéta sangkan unggal palaku paguneman bisa ngayakeun tukeur pikiran nalika madungdengkeun pasualan nu keur disanghareupan nepi ka ngahasilkeun kacindekan anu disaluyuan ku sakabéh palaku paguneman.

Kecap jeung kalimah jadi pangwangun omongan dina paguneman nalika komunikasi basa antara panyatur jeung pangregep. Tangtu omongan nu baris ditepikeun ku panyatur kudu ditafsirkeun ku pangregep sangkan ma'na nu

ditarima sarua jeung maksud panyatur, boh omongan nu langsung boh omongan nu teu langsung atawa omongan husus luyu jeung situasina.

Élmu basa nu maluruh ngeunaan ma'na nu ditepikeun ku panyatur (nu nulis) sarta ditafsirkeun ku pangregep (nu maca) disebut pragmatik. Pragmatik patali jeung polah ucap anu bisa mangaruhan kana harti omongan.

Paguneman dilakukeun ku panyatur jeung pangregep. Nalika cacarita, panyatur teu ngan saukur nyarita, tapi caritaan nu ditepikeun ku panyatur dibarengan ku paripolah atawa kalakuan nu bisa mangaruhan kana harti omongan. Luyu jeung nu ditepikeun ku Sudaryat (2015, kc. 194) yén polah ucap mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur nalika komunikasi basa.

Sakumaha nu ditepikeun di luhur, kahirupan manusa moal jauh tina kagiatan paguneman. Najan kitu, paguneman teu ngan saukur bisa dilakukeun sacara lisan wungkul, tapi paguneman ogé bisa ditepikeun sacara tulisan. Contona dina *SMS (Short Message Service)*, novél, naskah drama, jsb.

Paguneman diwangun ku kecap jeung kalimah nu baris diomongkeun ku panyatur ka pangregep. Sangkan omongan nu ditepikeun ku panyatur merenah katarimana ku pangregep, tangtu panyatur kudu ngagunakeun basa anu luyu jeung undak usuk basa. Ku kituna, perlu ditepikeun pangajaran paguneman ka siswa boh paguneman sacara lisan, boh sacara tulisan.

Dina Kurikulum 2013, pangajaran paguneman ditepikeun di kelas X. Pangajaran paguneman ditepikeun lain ngan saukur sangkan siswa bisa mraktékeun paguneman tapi siswa diperedih bisa nyusun naskah paguneman. Naskah paguneman nu disusun ku siswa bisa dianalisis sacara pragmatis, ku sabab dina naskah paguneman siswa bisa kapanggih wanda polah ucap, sipat polah ucap, fungsi polah ucap, jsb. Ku kituna, polah ucap dina karangan paguneman siswa kelas X SMA masil perlu ditalungtik.

Panalungtikan ngeunaan polah ucap mémang geus kungsi dilaksanakeun, di antarana waé “*Analisis Fungsi Tindak Tutur dina Naskah Drama Meredong Karya Rosyid E. Abby*” (Mardian Chindra R, 2013). Éta panalungtikan téh medar ngeunaan fungsi jeung wanda polah ucap nu aya dina naskah drama Meredong karya Rosyid E. Abby. Lian ti éta aya ogé “*Tindak Tutur Basa Sunda: Tilikan Pragmatik kana Ungkara dina Kaos Bobotoh Persib*” (Febby Nurriyanti

Irwansyah, 2013). Éta panalungtikan medar ngeunaan wanda, papasingan fungsi, jeung kontéks polah ucap nu aya dina ungkara kaos Bobotoh Persib.

Ieu panalungtikan ogé medar perkara polah ucap, tapi aya bédana panalungtikan saméméhna medar polah ucap tina jihad wanda, fungsi, jeung kontéks polah ucap, ari ieu panalungtikan medar perkara polah ucap tina jihad wanda, sipat, jeung wujud polah ucap, sarta data nu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa karangan paguneman siswa. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Polah Ucap dina Karangan Paguneman Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2016/2017” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan téh patali jeung polah ucap dina karangan paguneman siswa. Hal-hal anu bisa dipaluruh tina polah ucap téh ngewengku tina hal, nyaéta:

- a. wanda polah ucap nu ngawengku polah ucap lokusi, ilokusi, jeung perlokusi;
- b. sipat polah ucap nu ngawengku polah ucap langsung literal, langsung tan literal, teu langsung lateral, jeung teu langsung tan literal; jeung
- c. wujud polah ucap nu ngawengku wangun omongan komisif, impositif, éksprésif, jeung asértif.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha wanda polah ucap basa Sunda dina karangan paguneman siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017?
- b. Kumaha sipat polah ucap basa Sunda dina karangan paguneman siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017?
- c. Kumaha wujud polah ucap basa Sunda dina karangan paguneman siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum Panalungtikan**

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikawanoh jeung ngadéskrupsikeun polah ucap Basa Sunda nu aya dina karangan paguneman siswa kelas X.

#### **1.3.2 Tujuan Husus Panalungtikan**

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskrupsikeun polah ucap dina karangan paguneman siswa kelas X SMA Pasundan 8 anu ngawengku:

- a. wanda polah ucap basa Sunda dina karangan paguneman siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017;
- b. sipat polah ucap basa Sunda dina karangan paguneman siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017; jeung
- c. wujud polah ucap basa Sunda dina karangan paguneman siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2016/2017;

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna, di antarana waé pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang pragmatis utamana ngeunaan polah ucap.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna, di antarana waé:

- a. pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa méré pangaweruh sarta pangalaman anu kacida gédéna hususa dina nelebkeun pangaweruh ngeunaan polah ucap;

- b. pikeun siswa, méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa kelas X SMA Pasundan 8 dina karangan paguneman nu ngandung polah ucap; jeung
- c. pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan acuan dina pangajaran, hususna dina pangajaran nulis paguneman.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan dina ieu panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I bubuka, anu medar ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

Bab II ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir, eusina ngeunaan tiori polah ucap, karangan paguneman, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III métodeu panalungtikan, eusina ngeunaan métodeu panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab diébréhkeun sageblengna hasil panalungtikan. Eusina ngeunaan analisi hasil panalungtikan polah ucap dina karangan paguneman.

Bab V kacindekan jeung saran. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Ari subbab saran ditepikeun ku nu nulis ka nu maca ngeunaan masih perluna panalungtikan anu sawanda, anu bahanna leuwih lega.